

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

#### 1.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data jeung deskripsi data dina bab IV, aya opat hal anu bisa dicindekeun patali dina barung jeung gabung dina novél *Béntang Hariring* karya Dian Hendrayana. Éta opat hal téh nyaéta wanda, struktur, fungsi, jeung harti rarangkén barung jeung gabung. Rarangkén barung jeung gabung nyoko kana rarangkén nu diwangun ku dua rarangkén atawa leuwih dina ngawangun kecap rundayan, Rarangkén barung jeung gabung nu diwangun kalawan babarengan kana wangun dasarna disebut rarangkén barung, ari rarangkén rmgkepan anu diwangun henteu babarengan disebut rarangkén gabung. Dina novél *Béntang hariring* karya Dian Hendrayana kapanggih aya 26 rarangkén barung jeung gabung anu kabagi jadi dua rarangkén nyaéta rarangkén barung jeung rarangkén gabung. Rarangkén barung aya 9 wangun nyaéta ka—an, ka—eun, ka—na, pa—an, pang—na, pang—an , pi—eun, sa—an, sa—na. Ari rarangkén gabung aya 17 wangun nyaéta di- + -an, di- + -keun, di- + -an + -ana, di—na + -keun, di—na + pika, ka- + -keun, N- + -al- + -keun, N- + -an, N- + -ar- + keun, N- + -eun, N- + -eun + -ana, N- + -keun, N- + -keun + -ana, N- + na, pang—keun + N-, sa—na + N-, sa—na + -an.

Struktur rarangkén barung jeung gabung aya 26 pola anu bisa diringkeskeun jadi 9 pola gabungan. Pola anu pangréana muncul nyaéta pola rupa - rupa rarangkén anu diuwuhkeun ku hiji warna kecap pagawéan nyaéta pola [pang—an, pi—eun, sa—an, ka- + -keun, N- + -al- + -keun, pang—keun + N-, sa—na + N-, di—na + -keun] + KP, ari anu pangsaeutikna muncul nyaéta pola hiji rarangkén ramgkepan anu diuwuhkeun ku rupa-rupa warna kecap polana [pang—na] + [KS,KB]. Sésana aya pola [sa—na, ka—an, di- + -an, N- + -an, di—na + pika-, N- + -eun + -ana, sa—na + -eun, ka—na, di- + -keun, N- + -keun, ka—eun + N- + -keun + -ana, N- + -na, pa—an , di- + -an + -ana, N- + -ar- + -keun, N- + -eun] + [KS, KB, KP, Kpan]. Fungsi rarangkén barung jeung gabung nyoko kana fungsi derivatif

jeung fungsi inflektif. Fungsi derivatif mangrupa fungsi rarangkén anu ngubah wangun, warna, jeung harti kecap. Jumlah fungsi derivatif nomina tina wangun dasarna kecap pagawéan jeung kecap sipat aya 14 kecap nu dirarangkénan ka—an, ka—na, pang—an, pi—eun, di—na + pika-, N- + -na, sa—na + N-, fungsi derivatif verbal tina wangun dasarna kecap barang jeung kecap sipat aya 41 kecap nu dirarangkénan ka—an, di- + -an, di- + -keun, N- + -an, N- + -eun + -ana, N- + -keun, N- + -keun + -ana, N- + -na, N- + -ar- + -keun, fungsi derivatif adjektival tina wangun dasarna kecap pagawéan jeung kecap barang aya 8 kecap nu dirarangkénan ka—eun, pang—na, sa—an, N- + -an, N- + -eun, fungsi derivatif partikel tina wangun dasarna kecap pagawéan aya 2 kecap nu dirarangkénan sa—na. Ari fungsi inflektif mangrupa fungsi rarangkén anu ngarobah wangun jeung harti kecap, tapi teu ngarobah warna kecap. Jumlahna aya 16 rarangkén, nyaéta ka—an, ka—na, pa—an, pang—na, sa—na, di- + -an, di- + -keun, di—na + -keun, ka- + -keun, N- + -al- + -keun, N- + -an, N- + -keun, N- + -keun + -ana, N- + -na, pang—keun + N-, sa—na + -eun. Éta rarangkén téh saenggeus diwangun ku kecap rundayan anu ngabogaan fungsi inflékti nomina – nominal, verba – verbal, Adjektiva – adjektival, numeralia – numeralia, partikel – pertikel.

Ditilik tina harti gramatikal, tina hasil analisis data kapanggih tina 26 rararangkén barung jeung gabung aya 37 harti anu anyar, nyaéta (1) hal nu di – D’, (2) ‘bisa di –D- an’, (3) bisa di -D- keun’ (4) ‘kakeunaan D’, (5) ‘dina kaayaan D’, (6) ‘kakeunaan D’, (7) ‘teu dihaja D’, (8) ‘ngarasa’, (9) ‘bagian’, (10) ‘nuduheun (anafora)’, (11) ‘kakeunaan kalakuan teu dihaja’, (12) ‘tempat’, (13) ‘hal anu patali jeung’, (14) ‘paling’, (15) ‘bakal D’, (16) ‘sawaktu’, (17) ‘saharita’, (18) ‘panganteb’, (19) ‘aya di D’, (20) ‘kakeunaan pagawéan’, (21) ‘kakeunaan pagawéan D kalawan inténsif’, (22) ‘dijieun jadi D’, (23) ‘dijieun sangkan ka D’, (24) ‘kalakuan kakeunaan teu dihaja’, (25) ‘ngalakukeun kalawan inténsif’, (26) ‘ngalakukeun D (pikeun)’, (27) ‘jadi D’, (28) ‘sababaraha kali’, (29) ‘méré D (ka)’, (30) méré D’, (31) ‘nyieun jadi D’, (32) ‘mibanda D’, (33) ‘ngalakukeun D kalawan inténsif’, (34) ‘ngahasilkeun D’, (35) ‘nyababkeun’, (36) ‘nepikeun’, (37) ‘nitah di –D’. Harti gramatikal anu mineng muncul dina ieu panalungtikan téh nyaéta harti ‘kakeunaan pagawéan’ aya 42 kecap rundayan, ari anu pang saeutikna muncul nyaéta harti ‘hal nu di –D’, ‘bisa kakeunaan D’, ‘teu

kahaja kakeunaan', 'kakeunaan D', 'tempat', 'bakal', 'sawaktu', 'saharita', 'aya di D', 'kakeunaan pagawéan', 'kakeunaan teu dihaja', 'ngalakukeun kalawan inténsif', 'sababaraha kali ngalakukeun' 'méré D (ka)', 'méré D', 'ngajadikeun D (-an), 'nyababkeun'.

## **1.2 Implikasi**

Ieu hasil panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina prosés morfologis, hususna dina rarangkén barung jeung gabung, jeung deui sangkan masarakat apal kana rarangkén barung jeung gabung, teu ngan saukur apal rarangkén hareup jeung tukang wungkul. Salian ti éta, ieu panalungtikan téh bisa ngajadikeun élmu pangaweruh pikeun nu maca sarta bahan ajar basa Sunda di sakola.

## **1.3 Rékomendasi**

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sababaraha hal anu perlu dirékomendasikeun.

1. Ieu panalungtikan téh nyoko kana sumber data tina ragam basa tulis mangrupa novél, masih perlu panalungtikan séjén perkara rarangkén barung jeung gabung nu sumber daata ragam basa lisan.
2. Réa rarangkén barung jeung gabung anu acan asup kana buku tata basa Sunda, Kukituna, perlu midangkeun rupa-rupa rarangkén barung jeung gabung dina deskripsi buku Tata Basa Sunda anu leuwih anyar.

